

BAB III


METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Raco (2010) nétélakeun yén pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan atawa nyalusur hiji hal nu tujuanana pikeun maham hiji adegan séntral. Pamarekan kualitatif disebut ku istilah pamarekan panalungtikan naturalistik, lantaran panalungtikan museur kana kaayaan nu sipatna alamiah; disebut ogé metode étnografi lantaran remen digunakeun dina panalungtikan antropologi budaya (Sugiyono, 2019).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode désktiprif analitik. Métode déskriptif analitik atawa analisis déskriptif nyaéta métode nu ngagambarkeun, ngajelaskeun, ngajawab pasualan-pasualan ngeunaan fénoména jeung kajadian kiwari sakumaha ayana, atawa analisis hubungan antar variable dina hiji fénoména (Arifin, 2011). Kecap déskriptif asalna tina kecap basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, nu hasilna dijelaskeun dina wangu laporan panalungtikan. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nu sumberna tina buku kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah.

Désain panalungtikan diperlukeun sangkan panalungtikan lumangsung lancar jeung teu loba halangan. Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan kapidangkeun ieu di handap.

**Bagan 3.1***Desain Panalungtikan*

3.2 Tehnik Panalungtikan

Dina ieu subbab baris dipedar ngeunaan téhnik nu digunakan dina panalungtikan jeung téhnik ngolah data panalungtikan.

3.2.1 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakan dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Ieu téhnik mangrupa survéy kana data nu geus aya, neuleuman tiori nu geus aya, sarta ngamutalaah kalawan gemit (Nazir, 2014). Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data katitén ieu di handap.

- 1) Maca buku kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* minangka sumber data pikeun dianalisis struktur jeung semiotikna.

- 2) Mariksa jeung milih sajak nu rék dianalisis.
- 3) Nyatet struktur lahir jeung struktur batin sajak nu dipilih dina kumplan sajak *Kalangkang Ringkang* dina kartu data struktural.
- 4) Nyatet analisis semiotik sajak nu dipilih dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* dina kartu data semiotik.
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data nu geus dipaluruh.

3.2.2 Tehnik Ngolah Data

Sacara umum, analisis data ngawengku tilu rupa hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan nu digunakeun. Tatahar mangrupa proses nu pangheulana dilakonan. Tabulasi nyaéta proses ngahijikeun sakabéh data nu geus kapaluruh. Data nu geus ditabulasi diolah dumasar analisis nu digunakeun, nyaéta struktural jeung semiotik.

1) Téhnik Analisis Struktural

Analisis struktural nyaéta analisis data ku cara ngaguar struktur-struktur dina sajak. Struktur sajak bisa kapaluruh saupama ditilik tina dua hal, nyaéta hakékat puisi jeung unsur nu ngawangunna (Isnendes, 2018). Dina ieu panalungtikan, analisis data struktural sajak ngagunakeun tiori struktural I.A. Richard jeung Alton C. Morris. Nu dianalisisna nyaéta:

- (1) diksi dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (2) imaji dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (3) gayabasa dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (4) kecap kongkrit dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (5) purwakanti dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (6) téma dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (7) rasa dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (8) nada dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah,
- (9) amanat dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah.

2) Téhnik Analisis Semiotik

Analisis semiotik nyaéta analisis hubungan tanda nu aya dina sajak. Semiotika ngulik sakabéh sistim tanda, nu substansi jeung watesanana mangrupa réngkak, sora, lagu, jeung asosiasi tina sakabéhna (Isnendes, spk., 2018). Analisis semiotik sajak dina ieu panalungtikan ngagunakeun analisis semiotik Michael Riffaterre, nu ngawengku:

- (1) kateulangsungan eksprési,
- (2) intertékstualitas,
- (3) pembacaan semiotik.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun dina panalungtikan ngaliwatan hiji métode, luyu jeung pamadegan Sugiyono (2017) nu nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data.

3.3.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun dina maluruh keterangan-keterangan jeung bukti cutatan nu nyampak dina sajak-sajak nu dianalisis. Dina ngumpulkeun data, digunakeun kartu data pikeun nyatet jeung ngawilah-wilah data nu kapaluruh. Kartu data nu digunakeunna nyaéta dina wangun tabél kartu data digital, katitén di handap ieu.

- 1) Kartu data digital struktural

Tabél 3.1

Kartu Data Digital Struktur Lahir

No	Kode Data	Ungkara	Struktur Lahir

Tabél 3.2

Kartu Data Digital Struktur Batin Sajak

No	Kode Data	Ungkara	Struktur Batin

2) Kartu data digital semiotik

Tabél 3.3
Kartu Data Digital Kateulangsungan Ékspréssi

No	Kode Data	Ngaganti Harti	Ngarobah Harti	Nyipta Harti

Tabél 3.4
Kartu Data Digital Intertékstualitas/Hipogram

No	Kode Data	Hipogram

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumen panalungtikan nu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data digital. Kartu data digunakeun pikeun nyangking jeung ngadéskripsikeun data-data nu kapanggih. Kartu data dina ngolah data katitén ieu di handap.

1) Conto kartu analisis digital struktur lahir sajak

Kode Sajak: MH.16.04		
Data	Ungkara	Analisis
Imaji	<i>Jentréng kacapi</i> <i>Rumanteng asihna wanci</i>	Imaji nu kapanggih dina sajak “Matri Hariring” nyaéta imaji pangrungu. Imaji pangrungu katitén tina digunakeunna kecap “jentréng”, nu nuduhkeun ayana sora tina kacapi.

2) Conto analisis digital struktur batin sajak

Kode Sajak: MH.16.04		
Data	Ungkara	Analisis
Rasa	<i>Jentréng kacapi</i> <i>Rumanteng asihna wanci</i> <i>Gelik suling</i> <i>Rumambat jembarna éling</i>	Rasa nu kagambar dina sajak “Matri Hariring” nyaéta waas jeung pinuh kasadrahan.

Kode Sajak: MH.16.04		
Data	Ungkara	Analisis
	<i>Matri hariring</i> <i>Rumaket wenangna wening</i>	

3) Conto analisis digital semiotik sajak

Kode Sajak: Kode Sajak: MH.16.04		
Data	Ungkara	Analisis
Ngarobah harti	<i>Jentréng kacapi</i> <i>Rumanteng asihna wanci</i> <i>Gelik suling</i> <i>Rumambat jembarna éling</i>	Dina sajak “Matri Hariring”, katitén ayana métaphora dina padalisan kahiji nepi ka padalisan kaopat, katitén tina ungkara “jentréng kacapi” jeung “gelik suling” nu dipapandékeun minangka gambaran lajuna wanci jeung legana kaéling.

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu subbab baris dipedar ngeunaan data jeung sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan.

3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur lahir jeung struktur batin, katut semiotika sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah. Data struktur lahir ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, gayabasa, jeung purwakanti. Data struktur batin ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Data semiotik ngawengku kateulangsungan eksprézi, intertéktualitas, jeung pembacaan semiotik: heuristik jeung hermeneutik. Ieu mangrupa tabél data panalungtikan nu ngawengku 20 judul sajak nu aya dina kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang*.

Tabél 3.5
Data Judul Sajak

No	Judul Sajak	Kode Data
1	Matri Hariring	MH/16/01
2	Cacarakan Ngéjah	CN/17/02
3	Surat Sarjana	SS/18/03
4	Pucuk Paré	PP/22/04
5	Paul Laut	PL/23/05
6	Sanggeus Girimis	SG/24/06
7	Karéta Api	KA/28/07
8	Élégi Gaza	ÉG/38/08
9	Sabada Lebaran	SL/40/09
10	Nu Ngurebkeun	NN/46/10
11	Aweuhan Adan	AA/48/11
12	Dayang Sumbi	DS/50/12
13	Déwi Sri	DSR/51/13
14	Ciung Wanara	CW/55/14
15	Si Kabayan	SK/56/15
16	Tina Jandéla	TJ/62/16
17	Rohang Kamar	RK/63/17
18	Wirid Langit	WL/67/18
19	Genclang Talaga	GT/71/19
20	Rumah Sakit	RS/91/20

Keterangan:

AA/BB/CC

AA : Judul Sajak

BB : Kaca

CC : Nomer Urut Sajak

3.4.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan teh nyaéta kumpulan sajak *Kalangkang Ringkang* karya Ari Andriansyah pedalan CV. Silantang Akasa Cipta Bandung. Sumber data panalungtikan nyaéta subyék nu digunakeun pikeun nyangking data (Arikunto, 2010).

1) Idéntitas Buku



Judul	:	Kalangkang Ringkang
Pangarang	:	Ari Andriansyah
Kandel Kaca	:	100 kaca
Taun Medal	:	2021
Pamedal	:	Silantang Akasa Cipta
Citakan	:	Citakan ka-1

Gambar 3.1

Cover kumpulan sajak

Kalangkang Ringkang

Kalangkang Ringkang mangrupa buku kumpulan sajak karya Ari Andriansyah nu kadua. Ieu buku medal taun 2021. Sajak nu aya dina ieu buku lobana 86 sajak kalawan téma nu béda-béda. *Cover* atawa bagéan jilid bukuna warna konéng semu coklat, nu di tengahna aya skétsa rupa hiji beungeut. Bagéan judulna ditulis lebah handap beulah katuhu, sedengkeun ngaran pangarangna di luhur beulah katuhu.

2) Pangarang

Ari Andriansyah pituin urang Arjasari, Kabupatén Bandung. Inyana lahir tanggal 18 Januari 1988. Ari Andriansyah mimiti nulis ti saprak kuliah di Departemén Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Pendidikan Indonesia, Bandung. Nulis dina wangun sajak, carpon, fiksimini, éséy, jeung laporan jurnalistik di sawatara koran jeung majalah.

Ari Andriansyah kungsi jadi Pinunjul I Lomba Nulis Sajak Sunda Dispuspida Jabar 2008, Pinunjul I Sajak Hadiah Sastra LBSS 2009, Pinilih Sajak Bulanan Manglé, Pinunjul Nulis Résensi Buku Pusat Studi Sunda 2009, Pinujul I Nulis éséy Museum KAA 2010, Pinunjul I Saémbara Nulis Carpon “Misteri” Piala Ki Umbara STKIP Muhammadiah Kuningan 2013, jeung Pinunjul I Saémbara Manuskip

Fiksimini Basa Sunda 2017. Sapopoéna mancén gawé jadi guru basa Sunda SMAN Jatinangor, Kab. Sumedang, jeung ngokolakeun media sastra Sunda digital Cacandran.com. Taun 2015 dilélé Hadiyah Hardjapamekas minangka guru basa Sunda rancagé. Bukuna nu geus medal nyaéta kumpulan sajak *Léngkah* (2016) jeung kumpulan fiksimini *Hégak* (2017)